



Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GAYAN INOGIRAL KONPETISYON BIZNIS GROW-NY

Inisyativ ki Gen pou Objektif Transfòme Endistri Alimantè ak Agrikòl nan Rejyon Nò New York

Finasman pou Konpetisyon vini Atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò: CNY Rising, Finger Lakes Forward, ak Southern Tier Soaring - se Estrateji Rejyonal Global

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke RealEats America se gayan 1 milyon dola nan premye ane defi revolisyonè nan manje ak agrikilti nan New York ki rele Grow-NY. Yo te chwazi RealEats ki baze an deyò Genèv apre yon somè de jou nan Rochester pandan ke 17 finalis yo te chwazi te lanse biznis yo devan yon odyans an dirèk ak panèl jij ki gen eksperyans pou pataje pri lajan an. Konpetisyon Grow-NY lan konsantre sou devlope yon gwoup inovasyon dirab nan kesyon manje ak agrikilti nan rejyon New York Santral, Finger Lakes ak Southern Tier nan New York. Konpetisyon an, ki pral fonksyone sou twa etap, pofri yon total 3 milyon dola nan finansman pou konpayi an demaraj inovan ki gen gwo kwasans de fason global ki konsantre sou endistri manje ak agrikilti. Y'ap ofri finansman pou konpetisyon Grow-NY la atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiatives, URI) ki konekte ak twa rejyon yo — CNY Rising, Finger Lakes Forward ak Southern Tier Soaring. Cornell University ap jere konpetisyon an atravè [Sant pou Avansman Ekonomik Rejyonal li a \(Center for Regional Economic Advancement\)](#). Gayan Grow-NY yo dwe pran angajman pou yo opere nan rejyon New York Santral, Finger Lakes oswa Southern Tier pou omwen yon ane.

"Mwen vle felisite RealEats kòm premye benefisyè konpetisyon Grow-NY la", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Envestisman sibler sa pa sèlman ede konpayi dinamik sa yo etabli tèt yo nan Eta New York, men sipòte ekonomi agrikòl rejyonal nan New York. RealEats reprezante inisyativ ki pral kreye yon enpak ekonomik ki dirab nan sektè agwo-alimantè nan New York."

"Ekonomi agrikòl la nan New York kontinye ap grandi ak investisman adisyonèl nan fèm ak pwodwi lokal nou yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Premye etap Konpetisyon Grow-NY se yon siksè, e nou kontan anpil sou potansyèl antreprenè sa yo genyen pou fè endistri a vin pi fò menm. Konpayi sa yo ap devlope ide ak plan pou revolisyone endistri a nan transfòme dirabilite ak amelyore sante ak byennèt Nouyòkè yo. Mwen felisite tout finalis yo ak ganyan yo nan konpetisyon an, e nou ap tann ak enpasyans pou ede konpayi inovatè sa yo grandi ak pwospere nan New York."

Prèske 200 konpayi an demaraj nan domèn manje ak agrikilti atravè mond lan te aplike pou konpetisyon an nan prentan sa epi 17 meyè finalis yo te avanse nan konpetisyon an. Yo te mete 17 konpayi an demaraj sa yo an korespondans youn pa youn ak yon antreprenè ki gen eksperyans nan rejyon an ki te sèvi kòm yon konseye epi ki te ede chak konpayi planifye yon pakou devlopman biznis ki dire plizyè jou nan twa rejyon yo. Pandan pakou sa yo, konpayi an demaraj yo te rankontre ak patnè potansyèl, kliyan, manifaktirè, ak pwodiktè yo epi pofine plan yo pou fè yon gwo enpak ekonomik nan rejyon an.

Prèske 900 konpayi an demaraj, konpayi, envestisè, founisè resous, chèchè, antreprenè, kiltivatè, ak etidyan yo te patisipe nan evènman an ki te dire de jou ke, anplis konpetisyon pitch la, ki gen ladan yon sal egzibisyon ak plis pase 70 ekspozan nan sektè alimatè ak agrikòl ki soti nan Eta New York ak yon senpozyòm ak yon seri de pano ki abòde kèk nan pi gwo opòtinite ak defi endistri manje ak agrikilti a ap fè fas jodi a.

Anplis de premye prim 1 milyon dola, yo te akòde de prim 500,000 dola, ak kat prim 250,000 dola nan evènman jodi a. Lòt ekip yo rekonpanse yo enkli:

Gayan 500,000 dola - [Dropcopter](#)
Syracuse, New York

Gayan 500,000 dola - [Tiliter](#)
Munchen, Germany

Gayan 250,000 dola - [Capro-X](#)
Ithaca, New York

Gayan 250,000 dola - [Complex](#)
Ithaca, New York

Gayan 250,000 dola - [The Perfect Granola](#)
Victor, New York

Gayan 250,000 dola - [Whole Healthy Food](#)
Ithaca, New York

Fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral RealEats, Dan Wise, te deklare, "Nou kontan anpil paske nou genyen prim kach sa a epi nou rekonesan anpil anvè Eta New York pou opòtinite sa a. Avèk prim sa, nou pral kapab an mezi pou itilize resous enkwayab nan rejyon an pou mete konpayi an demaraj nou yo nan yon lòt nivo".

Yo te chwazi gayan yo apre evènman pitch la jodi a ki baze sou senk kritè sa yo;

- **Vyabilite Komèsyalizasyon ak Modèl Ekonomik:** Potansyèl lan pou patisipan an jenere revni ak kenbe yon estrikti depans ki pèmèt yon antrepriz konpetitif ak dirab, demontre preparasyon teknolojik oubyen inovè pou satisfè pwopozisyon avantaj li an;

- **Avantaj Kliyan:** Nan ki degre patisipan an ap ofri yon bagay kliyan yo vle peye pou li, epi adrese yon mache konsiderab;
- **Inovasyon Manje ak Agrikilti:** Nan ki nivo kote patisipan an ap pouse sa yo konsidere kòm depwent nan endistri manje ak agrikilti, epi kontribye nan estati rejyon Nò New York kòm yon lidè global nan inovasyon nan mache sa yo;
- **Kreyasyon djòb rejyonal:** Potansyèl lan pou kreye djòb bon kalite nan anprent Grow-NY lan; epi
- **Ekip:** Kalite ak entegralite ekip lan ak preparasyon l pou l kenbe pwomès li yo.

Anplis prim lajan, finansman pou konpetisyon sa a sipòte tout depans operasyonèl, pwomosyonèl ak ekzekisyon sa enkli maketin, evènman ak pwogram ankadreman ki pote finalis yo nan twa rejyon yo, sipòte devlopman yo ak ankouraje koneksyon ak resous rejyonal yo nan kominote agrikilti, manje ak inovasyon.

Ganyan Grow-NY yo pral mete yo o travay imedyatman pou egzekite plan biznis yo nan twa rejyon yo, tire benefis de koneksyon yo te fè pandan pakou devlopman biznis yo ak sipò ke konseye yo te bay yo. Aplikasyon pou pwochen etap konpetisyon an pral ouvri 1e Avril 2020 e yo pral fè Somè Grow-NY la 17-18 Novanm 2020 nan Syracuse, nan New York.

Tom Schryver, Direktè Ekzekitif nan Sant pou Avansman Ekonomik Rejyonal nan Cornell, te deklare, "Konpetisyon Grow-NY la depase chak kritè nou te mete pou ane inogiral sa a ak evènman an Somè a se yon selebrasyon san parèy nan kesyon vibran manje a ak inovasyon agrikòl k'ap grandi nan rejyon Nò New York. Kalite konpetitè konpayi an demaraj yo te vrèman enkwayab e pa gen dout ke premye ane sa a te moutre mond lan ke NY Santral, Finger Lakes, ak rejyon Southern Tier se yon kote eksepsyonèl pou pwospere nan kesyon manje ak inovasyon agrikòl".

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare, "Konpliman pou tout gayan jodi a yo ak pou tout moun ki te patisipe nan premye tou konpetisyon Grow-NY la. Dènye konpetisyon biznis sa a reflekte sipò Eta New York pou bati ekosistèm antreprenaryal ki pral kounye a ranfòse inovasyon kwasans ekonomik nan zòn agrikilti ak zòn agrikòl rich nan rejyon Finger Lakes, santral ak Southern Tier yo".

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou evènman sa a, ki ankouraje inovasyon ak sipòte asosye endistri agrikòl nou yo. Konpliman pou ganyan yo ak pou tout antreprenè yo ki te patisipe nan konpetisyon san parèy sa pou devlope nouvo lide ak pwodwi pou ede estimile devlopman ekonomik ak fè sektè agro-alimantè a pwogrese nan Eta New York".

Ko-Prezidan Devlopman Ekonomik Rejyonal nan Finger Lakes (Finger Lakes Regional Economic Development) Dr. Anne Kress, Prezidan Monroe Community College, ak Bob Duffy, Prezidan ak Direktè Ekzekitif Jeneral, Chanm Komès Zòn

Metropolitèn Rochester (Greater Rochester Chamber of Commerce), te deklare, "Nou fyè de tout moun ki te patisipe nan konpetisyon inovatè sa a. Konsèy rejyonal la fokis sou agrandi endistri agrikòl ak manje nan eta a. Envestisman nan konpetisyon Grow-NY Gouvènè Cuomo an ede konekte patnè nan endistri lokal la ak ide depwent antreprenè sa yo epi kontinye sipòte apwòch a plizyè volè nou an ki te prezante nan Inisyativ Revitalizasyon rejyon Nò Finger Lakes Forward ki ap travay pou kreye yon ekonomi lokal ki pwospè".

Randy Wolken, ki se Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral (Central New York Regional Economic Development Council), ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Fabrikan New York Santral la (Manufacturers Association of Central New York), ak Deborah Stanley, ki se Prezidan State University of New York nan Oswego, te deklare, "Nou kontan ofri anpil felisasyon a tout gayan jodi a yo ak tout moun ki te patisipe nan premye tou konkou Grow-NY la. Eta New York kontinye viv kwasans san presedan nan endistri agrikilti ak manje. Konpetisyon Grow-NY Gouvènè an reprezante ankò yon lòt envestisman eksitan nan kominote nou an pou kontinye sipòte kwasans djòb rejyonal epi kontinye sipòte baz agrikilti nou an atravè New York Santral lè li asire rejyon an kontinye ap devlope".

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier Harvey Stenger, Prezidan Binghamton University, ak Judy McKinney Cherry, Direktè Ekzekitif, Patenarya Konte Schuyler pou Devlopman Ekonomik (Schuyler County Partnership for Economic Development) te deklare, "Konpliman pou ekip k'ap genyen yo ak pou tout konpetitè premye tou Grow-NY yo. Endistri agrikilti nan New York se youn nan sa ki pi prestijye nan nasyon an, epi pa gen dout ke inisyativ sa a pral kontinye ogmante siksè ekonomik kontininyèl rejyon nou an. Konpetisyon Grow-NY lan apiye antrepriz inovan ak konpetitif epi li pral kontinye sipòte efò nou pou ranfòse ekonomi rejyonal lan pou ede rejyon Southern Tier lan dekole".

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Grow-NY, klike [isit la](#).

Akselerasyon Inisyativ Finger Lakes Forward

Anons jodi a ap konpleman inisyativ "Finger Lakes Forward" la, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Depi ane 2012, Eta a te deja envesti plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an pou etabli fondasyon pou plan an – lè li envesti nan endistri kle yo ki gen ladan yo endistri fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere inisyativ Finger Lakes Forward la gras ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a ap fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa kreyasyon jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Akselere CNY Rising

Anons jodi a ap konplemanje inisyativ "Central NY Rising" lan, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Depi 2012, Eta a te deja investi plis pase 5.6 milya dola nan rejyon an pou tabli fondasyon pou plan an – lè li kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse espri antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li te ye depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou yo devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere inisyativ Central NY Rising lan gras a yon envèstisman 500 milyon dola Eta ap fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa kreyasyon jiska 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Akselere "Southern Tier Soaring"

Anons jodi a vin konplemanje pwojè Southern Tier Soaring, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Depi 2012, Eta te deja investi plis pase 6.2 milya dola nan rejyon an pou tabli fondasyon pou plan an– lè li atire yon mendèv ki plen talan, devlope biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; taks sou revni pèsònèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Vil Johnson ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Kounye a, rejyon an ap akselere inisyativ Southern Tier Soaring lan gras a yon envèstisman 500 milyon dola eta ap fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa kreyasyon jiska 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)